



**Built to Lead**

Pou Piblikasyon Imedya: 5/19/2016

**GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE RÈGLEMAN ENÈJI A BON MACHE POU BAY SOULAJMAN A PRESKE 2 MILYON NOUYÒKÈ KI GEN REVNI FÈB**

***Komisyon Sèvis Piblik NYS ap elaji pwogram rabè enèji a pou bay plis pase \$248 Milyon nan ekonomi pou kay yo nan tout eta***

Gouvènè Cuomo jodia te anonse ke Komisyon Sèvis Piblik Eta New York te mete anplas premye règleman enèji a bon mache nan eta, sa ki pral bay preske de milyon Nouyòkè ki gen revni fèb \$248 milyon nan depans soulajman dirèk chak ane. Nouvo règleman an pral limite depans enèji pou Nouyòkè ki gen revni fèb yo a pa plis pase 6 pousan revni pa fanmi – mwatye nan sa anpil Nouyòkè ap peye aktyèlman.

“Aksyon fonsè sa bay soulajman ki pi nesèsè pou Nouyòkè yo e li pral elaji aksè pou enèji pwòp nan chak kwen nan eta sa,” **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Mwen fyè pou gwo pwogrè sa ki te fèt nan bi pou kreye yon New York ki pi pwòp, vè ak pi rezistan pou tout moun.”

Yon òdonans ki te apwouve jodia pa Komisyon Sèvis Piblik pral imedyatman ogmante kantite kliyan sèvis piblik ki gen revni fèb kap resevwa rabè chak mwa apati apeprè 1.1 milyon kliyan pou rive a 1.65 milyon. Gouvènè a te mande tou yon efò kolaboratif pami ajans yo nan eta, aji kòm yon gwoup travay enèji pou moun ki gen revni fèb yo, pou devlope nouvo strateji kidonk tout 2.3 milyon kay yo nan eta ki nan oswa anba 200 pousan nan nivo povrete federal ap gen pi gwo aksè pou enèji pwòp e yo pi byen sèvi nan pwogram asistans enèji efikas eta.

Nouvo règleman Enèji a bon mache a se yon pati enpòtan nan vizyon strateji konplè refòm enèji Gouvènè Cuomo pou lite nan chanjman klima ak delvope ekonomi New York pou investi nan teknoloji enèji pwòp ak jenere 50 pousan nan bezwen elektrisite eta apati enèji renouvlab nan 2030.

**Prezidan Enèji ak Finans Eta New York Richard Kauffman, te deklare,** “Siksè REV pap konplè si nou pa fè tout sa nou kapab pou bay benefis enèji a bon mache ak pwòp pou kay ki gen enèji pwòp yo toupatou nan Eta New York. Bay soulajman enpòtan sa pou kliyan yo ki nan bezwen se sèlman youn nan anpil zouti ke nou itilize pou abilite patisipasyon konplè kliyan sa yo nan tranzisyon nan yon ekonomi ki pi pwòp dapre REV.”

**Prezidan Komisyon an Audrey Zibelman te deklare,** “Nou dwe adrese lefèt ke plizyè milyon Nouyòkè gen difikilte chak mwa pou peye pou fakti chofaf, elekrisite oswa gaz yo. Grasa yon laj varyete inisyativ REV, New York ka akonpli fakti enèji ki pi ba pou tout kliyan yo, nan tout nivo revni. Men asistans dirèk nesèsè pou kay sa yo ki gen revni fèb kote depans enèji ka konte pou 15 pousan oswa plis nan revni yon fanmi.”

Ogmantasyon nan asistans finansye dirèk fè pati nan plis pase \$750 milyon nan investisman enèji anyèl eta nan non Nouyòkè ki gen revni fèb yo. Rabè sèvis piblik pou kliyan ki gen revni fèb yo aktyèlman totalize \$130 milyon pa ane. Ódonans jodia pral fè rabè enèji pi inifòm nan tout peyi a e lap bay plis ekonomi dirèk ki totalize \$248 milyon pou 1.65 milyon kay toupatou nan New York.

Anba nouvo règleman sa, selon revni kay la ak prezans rezidan vilnerab yo, kliyan elektrik yo ap resevwa rabè chak mwa ant \$11 ak \$44, jiska apati \$5 ak \$15 nan yon teritwa sèvis jeneral. Kliyan gaz yo pral resevwa rabè ant \$3 ak \$33. Bidjè a pou atenn tout 2.3 milyon kay ki gen revni fèb yo nan New York ap plafonnen nan nivo pa plis pase 2 pousan nan revni sèvis piblik, yon nivo ke yo jwenn sifizan pou reponn a objektif chaj enèji 6 pousan pou pifò sèvis piblik yo pandan lap balanse pousantaj enpak sou lòt klas kliyan yo.

Redwi chaj enèji pou kay ki gen revni fèb yo epi asire patisipasyon yo nan ekonomi pwòp pa ka akonpli grasa pousantaj rabè sèlman, epi egzije yon strateji ki pi konpreyansif. Daprè REV ansanm avèk lòt inisyativ yo, plizyè refòm enèji enpòtan LMI deja ankou, sa ki gen ladan:

- **Pwogram Fon Enèji Pwòp:** Nouvo Fon Enèji Pwòp dizan \$5 milya New York State Energy Research & Development Authority ap angaje yon minimòm \$234 milyon sou premye twazan nan inisyativ kap benefisye kliyan LMI yo, sa ki gen ladan sèvis enèji efikas gratis grasa pwogram PNYSERDA EmPower and Assisted Home Performance, ak aksè a enèji solè PV a bon mache. Anplis, CEF pral sipòte tou nouvo inisyativ inovè kap anwole èd sektè prive a pou reponn a bezwen enèji kominote LMI yo, patikilyèman nan devlopman lojman a bon mache.
- **Pwogram Refòm Fakti Enèji Efikas:** Pwogram efikasite-enèji yo ofri nan gwo konpayi sèvis piblik yo vle ofri plis valè ak nouvo sèvis rantab pou kliyan anba règ pi senp yo apwouve jodi a. Sèvis piblik yo dwe etabli bidjè plizyè ane ak sible rediksyon enèji (alafwa gaz ak elekrisite) ki garanti akonplisman enèji efikas kap kreyatif ak pi chè nan deziyen sèvis rediksyon pri sa yo.
- **Pwojè demonstrasyon REV:** Eta ap devlope tou nouvo pwopozisyon inovè tankou “Pwojè demonstrasyon REV,” pou adrese obstak ki te anpeche istorikman kliyan LMI yo pou yo pa desèvi pa founisè enèji pwòp nan sektè prive a, enkli pou striktire plizyè zouti amelyorasyon kredi ki pral bay plis aksè pou finans.

- Bòdwo sèvis piblik: Yon lòt eleman kle nan pwogram asistans revni fèb DPS se referans sèvis piblik kliyan yo pou administratè pwogram assistance enèji efikas ki fèt pou kliyan ki gen revni fèb yo. Pwogram referans anplas pou tout gwo konpayi enèji sèvis piblik yo.
- Kominote Solè: Kominote ki gen revni fèb yo ap benefisye tou nan Kominote enèji solè, yon inisyativ REV ki pral pèmèt kliyan yo pataje nan benefis enèji solè menm si yap viv nan yon apatman oswa lòt bilding ki pa kapab sipòte yon sistèm solè pou twati. Anplis de enèji pwòp a pri fèb, Kominote Solè a ofri tou opòtinite pou rezidan yo resevwa enterè lè yo ka vann enèji a nan rezo elektrik la.
- Devlopman Mikwo-rezo: REV ap ankouraje tou kominote yo pou devlope pwòp pwojè kominote mikwo rezo yo —yon sistèm enèji otonòm ki ka fonksyone nan fason ki endepandan nan rezo santral sizoka ta gen yon pann kouran. Finansman Eta anba konpetisyon mikwo-rezo kominotè \$40 milyon NY Prize pral ede kominote yo nan New York investi nan nouvo sistèm enèji, sa ki pral asire enstitisyon yo ki esansyèlman enpòtan tankou lapolis ak ponpye, lopital ak lekòl – yo tout se etablisman ke tout kominote yo, men patikilyèman kominote LMI, depann sou li pou sekirite ak byennèt yo – kapab kontinye fonksyone pandan e apre pasaj yon evènman move tan.

**Prezidan NYSERDA, John B. Rhodes, te deklare,** “Gen plizyè milyon apatman ak bilding plizyè fanmi nan New York e, tankou tout lòt rezidans nan eta, yo tout ka benefisye de enèji pwòp, pwogram move tan ak sèvis enèji efikas. Grasa lidèchip Gouvènè Cuomo sou REV, Eta New York kounye a ap konsantre atansyon sou yon segman nan enèji mache a ke yo te inyore pandan twò lontan. Anfèt, byen bonè jodia, NYSERDA ansanm avèk Homes and Community Renewal te anonse \$27 milyon nan investisman enèji efikas nan lojman abòdab, ak yon atansyon ki ranfòse sou kondwi investisman vè grasa pwogram lojman a bon mache li a. Grasa REV, nap asire ke tout Nouyòkè yo pral pataje nan ekspansyon enèji pwòp, fyab epitou a bon mache.”

**Michael Corso, Defans Konsomatè Depatman Sèvis Pibik, te deklare,** “Ódonans jodia pral fè yon enpak pwofon sou lavi plizyè milyon Nouyòkè. Gen plis travay ki rete pou fèt, e nou gen konfyans ke lè nou travay avèk manm kòlèg nou yo nan gwoup travay kolaboratif enèji a bon mache Gouvènè a, nou pral ogmante benefis pwogram nou ki egziste deja, amelyore yo lè sa nesesè e yap anmezi pou atenn kay ki gen revni fèb yo nan New York pou fè enèji vin a bon mache.”

**Direktè Asosyasyon Ameriken Eta pou Moun ki retirete, te deklare,** “Sa a se bon nouvèl, patikilyèman pou moun ki retirete ansanm avèk konsomatè yo ki gen revni limite oswa fiks ki dwe angaje yon pi gwo pousantaj nan revni fanmi yo pou peye bòdwo enèji yo – yon nesesite debaz lavi. AARP aplodi Gouvènè Cuomo, Prezidan Zibelman ansanm avèk Komisyon Sèvis Piblik paske yo te bay yon èd ki nesesè pou konsomatè sèvis piblik sa yo ki gen bezwen ki reyèlman gen difikilte, asire ke yo ka kenbe lakay yo cho ak klere.”

**Richard Berkley, Direktè Egzekitif Pwojè Lwa Sèvis Piblik New York, te deklare,** “Komisyon an jodia te pran yon etap istorik ak enpòtan nan kreye premye pwogram inifòm New York nan tout eta, redwi depans enèji pou kay ki gen revni fiks ak revni fèb yo nan New York. Apre jodia, plis pase yon demi milyon nouvo kay pral resevwa èd nan peye pou bòdwo sèvis piblik yo, e avèk lidèchip Gouvènè a ansanm avèk PSC, PSC merite sipò ak aplodisman nou paske yo te kreye yon pwogram ki pral ede plizyè milyon Nouyòkè e nou espere li pral kontinye amelyore kòm li prale nan direksyon vizyon Gouvènè a pou pote kay New York ki kalifye yo ki gen revni fèb ak revni fiks soti nan tanperati frèt la.”

Done Administrasyon Enèji Etazini te montre ke fado anjeneral kliyan enèji ki nan nivo revni ki pi elve ak nivo mwayen klase apati 1 pou rive a 5 pousan nan revni kay la. Pandanke Règleman Enèji a bon mache ki te anonse jodia pral garanti ke kay ki gen revni fèb yo an mwayèn pa peye plis pase 6 pousan nan revni kay yo pou enèji, Komisyon an te remake ke li pral chèche pou ogmante asistans ke yo te bay atravè lòt pwogram REV yo, sa ki gen ladan enèji efikas ak pwogram enèji pwòp pou plis diminye chak enèji pou kay ki gen revni fèb yo anba 6 pousan kidonk chaj enèji pou moun ki gen revni fèb yo menm jan pou kay ki gen revni mwayen yo.

Pou ajoute 500,000 kay nan pwogram rabè sèvis piblik, Komisyon an te mande ke tout benefisyè peman dapre pwogram Asistans pou Enèji nan Kay, kèlkeswa gaz ke yo itilize pou chofe kay yo, pral kounye a kalifye pou rabè pa mwa. Yap peye rabè sa yo nan kantite lajan egal chak mwa.

### **Enfòmasyon sou Refòme vizyon enèji a**

Refòme strateji vizyon Enèji Gouvènè Andrew M. Cuomo pou chita sou chanjman klima ak delvope ekonomi New York la. REV ap bati yon sistèm enèji ki pi pwòp, pi rezistan epi a bon mache pou tout Nouyòkè yo nan stimile investisman sou teknoloji pwòp tankou solè, van, ak enèji efikas epi jenere 50% nan bezwen elektrisite eta apati enèji renouvlab nan 2030. Deja, REV te kondwi 600% kwasans nan mache solè nan tout eta, pèmèt plis pase 105,000 kay ki gen revni fèb pou koupe bòdwo enèji yo nèt, avèk enèji efikas, epi kreye plizyè milye djòb nan manifakti, jeni, ansanm avèk lòt sektè enèji pwòp. REV ap asire ke Eta New York redwi emisyon gaz greenhouse nan tout eta pa 40% nan 2030 epi reyalize sib ke yo vize entènasyonalman pou redwi emisyon 80% nan 2050. Pou aprann plis sou REV, enkli investisman \$5 milya doal Gouvènè a nan teknoloji enèji pwòp ak inovasyon, vizite [www.ny.gov/REV4NY](http://www.ny.gov/REV4NY) epi swiv nou @REV4NY.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418